EURASIAN JOURNAL OF ACADEMIC RESEARCH
Innovative Academy Research Support Center
UIF = 8.1 | SJIF = 7.899 www.in-academy.uz




# HISTORY OF AGRICULTURAL SCIENCES IN KARAKALPAKSTAN

**Temirkhanov B.U.**
Academy of Sciences of the Republic of Uzbekistan, Karakalpakstan Department, Research Institute of Humanities, Department of History, Ph.D. student
https://doi.org/10.5281/zenodo.12664021

**ARTICLE INFO**
Received: 26th June 2024
Accepted: 29th June 2024
Online: 30th June 2024
**KEYWORDS**
*Karakalpakstan, Shimboy, Shortanboy, agricultural, rice, wheat, cotton, institute, research, practice, variety, cooperation, achievements, scientific personnel.*

**ABSTRACT**
*The formation of the first agricultural sciences in Karakalpakstan. Creation of the Karakalpak Scientific Research Institute of Agriculture. Achievements in the agricultural sector. Scientific basis of rice planting in Karakalpakstan. Scientific cooperation in the field of agriculture. Creation of new varieties.*

# QARAQALPAQSTANDA AGRARLÍQ ILIMLER TARIYXÍNAN

**Temirxanov B.U.**
ÓzRIA QQB Gumanitar ilimler ilim-izertlew istitutı Tariyx bólimi tayanısh doktorantı (+998 90 7234602)
https://doi.org/10.5281/zenodo.12664021

**ARTICLE INFO**
Received: 26th June 2024
Accepted: 29th June 2024
Online: 30th June 2024
**KEYWORDS**
*Qoraqalpoǵiston, Shimboy, Shórtanboy, agrar, sholi, buǵdoy, paxta, institut, tadqiqot, amaliyot, nav, hamkorlik, yutuqlar, ilmiy kadrlar.*

**ABSTRACT**
*Qoraqalpoǵistonda ilk agrar ilmlar shakllanishi. Qoraqalpoǵiston dehqonchilik ilmiy-tadqiqot institutı tashkil topishi. Agrar soxadagi yutuqlar. Qoraqalpoǵistonda sholi ekishning ilmiy asoslari. Agror sohadagi ilmiy hamkorliklar. Yangi navlar yaratilishi.*

Qaraqalpaqstan diyqanshılıq ilimiy-izertlew institutı 1928-jıldan Tashkenttegi paxtashılıq ilimiy-izertlew institutına qaraslı Qaraqalpaqstan zonalıq tájiriybe stanciyası bolıp, birinshi jumısın basladı.

Urıstan sońǵı jılları Soyuz NIXI diń Shımbaydaǵı zonalıq stanciyasınıń xızmetkerleri izertlew jumısında ádewir tabıslarǵa eristi, ol 1958-jılı diyqanshılıq ilimiy-izertlew institutına aylandırıldı. Institutttıń xızmetkeri G.I.Gavrilov paxtanıń uzın talshıqlı, erte piser, joqarı zúráátli

QQ-602, QQ-341, QQ-1083 hám basqa da sortların shıǵardı, bul Qaraqalpaqstanda paxtashılıqtı rawajlandırıw ushın úlken áhmiyetke iye boldı, ekinshi bir selelcioner L.S.Krjivec biydaydıń, júweriniń, sulınıń, máshtiń, kartoshkanıń jańa sortların dóretti [1:128].

Qaraqalpaqstan diyqanshılıq ilimiy-izertlew institutı 1958-jılı 28-mayda Ózbekstan Respublikası awıl xojalıǵı ilimler akademiyasınıń 50 К-sanlı qararı tiykarında shólkemlestirilgen.

Institutta 1958-jıldan baslap 15 laboratoriya hám 1 sektorda alımlar ilimiy jumısların alıp bardı. 1958– 2020-jıllar dawamında 2 adademik, 8 ilim doktorı hám 22 awıl xojalıǵı ilimleri kandidatı awıl xojalıǵı tarawı boyınsha ilimiy jumısların qorǵadı. Qaraqalpaqstan diyqanshılıq ilimiy-izertlew institutı Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2014-jılı 10-fevraldaǵı PQ-2125 sanlı "Ózbekstan awıl xojalıǵı ilimiy-islep shıǵarıw orayı iskerligin jetilistiriw haqqında"ǵı qararına, Ózbekstan Respublikası Awıl hám suw xojalıǵı ministrliginiń 2014-jılı 13-fevraldaǵı 33-sanlı hám Ózbekstan awıl xojalıǵı ilimiy-islep shıǵarıw orayı Bas direktorınıń 2014-jılı 14-fevraldaǵı 6-sanlı buyrıqları tiykarında qayta shólkemlestirildi [2:1].

Institut alımları tárepinen jaratılǵan «Doslıq-2» sortına 04.03.2010-jılı NAP 00092 nomerli,«Shımbay-5018» sortına 04.03.2010-jılı NAP 00093 nomerli, «КК-3506» sortına 08.08.2016-jılı NAP 00138 nomerli, «КК-3543» sortına 24.05.2016-jılı NAP 00131 nomerli, gúnjiniń «Qarshıǵa» sortına 23.10.2017-jılı NAP 00161 nomerli, kúngebaǵardıń «КК-60» sortına 22.02.2017-jılı NAP 00179 nomerli avtorlıq potentler alındı. Patent alıw ushın Intellektual múlk agentligine kúngebaǵardıń jańa jaratılǵan КК-52 sortı ushın 05.04.2018-jılı NAP 20180014 nomerli, КК-25 sortı ushın 05.04.2018-jılı NAP 20180015 nomerli talapnamalar, 2019-jılı gúzgi biydaydıń jańa Shımbay sortı ushın 01.11.2019-jılı NAP 20190051 hám Aral sortı ushın 01.11.2019-jılı NAP 20190052 nomerli talapnamaları tapsırıldı. Instituttıń shet el baylanısları boyınsha jumısların jaqsılaw maqsetinde xalıqaralıq IKARDA hám IKVA shólkemi, Qazaqstan diyqanshılıq hám ósimliktanıw ilimiy-izertlew institutı menen birgelikte ilimiy jumıslar alıp barılmaqta [2:3].

1992-jılı Ózbekstan Respublikası Awıl xojalıǵı ilimler akademiyasınıń Qaraqalpaqstan bólimi shólkemlestirildi. Onıń quramına Sh.Musaev atındaǵı Shımbay jer isleri institutı hámde salıgershilik hám sharwashılıq institutlarınıń filaialları kiritildi [3:148].

1997-jıldan baslap ol Ózbekstan awıl xojalıǵı ilimiy óndirislik orayınıń Qaraqalpaqstan bólimi dep ataladı. Oniń quramında Sh.Musaev atındaǵı Shımbay diyqanshılıq institutı, "Salı" ilimiy óndirislik birlespesi, Altınkól dánli eginler tájiriybe stanciyası, mal sharwashılıǵı ilimiy mákemesi, baǵshılıq hám júzimgershilik tayanısh punktleriniń xızmetkerleri ilimiy jumıslar alıp barıp atır [4:514].

Sonıń menen bir qatarda ilimpazlar hám qánigeler hár qıylı tarawlar boyınsha akademiyalarǵa da aǵza bolıp saylandı. 1992-jılı J.Medetullaev Ózbekstan awıl xojalıq ilimleri Akademiyasınıń akademigi, B.Mámbetnazarov xabarshı aǵzası bolıp saylandı [4:516].

Institut óz iskerligin Ózbekstan Respublikası nızamlarına, Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń Párman hám qararlarına, Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń qarar hám biyliklerine, Ózbekstan Respublikası awıl xojalıǵı ministrligi, Qaraqalpaqstan Respublikası awıl xojalıǵı ministrligi, Awıl xojalıǵı hám azıq-awqat támiynatı ilimiy-islep shıǵarıw orayı hám

onıń Qaraqalpaqstan bólimi qararları, buyrıqları hámde usı Ustavqa ámel etken halda alıp baradı.

Institut tárepinen Mámleketlik ilimiy-texnika dástúrleri sheńberinde joybarlar islep kelinbekte.

Qarqalpaqstannıń rayonları ushın tez piser, kúshli duzlı samalǵa shıdamlı, talshıǵınıń sapası jaqsı sortlardı tańlap egiw zárúrligi bar edi.

Qaraqalpaqstan sharayatında suwǵarılatuǵın jerlerdiń barlıǵı, ekinshi mártebe duzlanıw qásiyetlerine iye. Sol sebepli joqarı ónim alıw ushın topıraqtıń meliorativlik jaǵdayın jaqsılaw bul, álbette isleniwi kerek shárt bolıp esaplanadı. Bul agrotexnikalıq hám meliorativlik ilajlar topıraqtı ósimliktiń rawajlanıwına hám ónimniń sapasına artıqmash duzdıń záhárli tásirin kemeytiwge baǵdarlanǵan bolıwı tiyis. Diyqanshılıq sisteması bul jaǵdayda: drenaj, kapital hám qatardaǵı jer tegislew, kapital hám profilaktikalıq jer ashıw, topıraq jaǵdayında izey suwdıń qáddine qarap differencial suwǵarıw hám egis aylanısların qollanıwlar kiredi [5:20].

Qolǵa kirgizilgen tabıslardı támiyinlewde alımlardan I.O.Smetov, D.N.Shamshetov, Q.Nurlıbaev, J.Ergabulov, T.Tawmuratov, S.Quwatbaev, K.Ametov, E.P.Sadıqov, U.E.Ismaylov, E.Sh.Tóreniyazov, U.A.Aytjanov, O.Nagmetov, B.A.Bekbanov, G.Saypnazarov, B.Berdekeev, J.Abdirasulieva, B.U.Aytjanov, B.Turdıshevlardı atap ótiwge boladı [6:4].

Ózbekstan Salı ilimiy-izertlew institutı Qaraqaqalpaqstan bólimi ÓzSSRı Ministrler Keńesiniń 1964-jıl 8-iyuldaǵı 407-sanlı qararına tiykarlanıp QQASSR Shımbay rayonı «Oktyabr» salıgershilik xojalıǵı aymaǵında Ózbekstan SSR Awıl xojalıǵı ministrliginiń 1966-jıl 30-marttaǵı 41-sanlı buyrıǵına tiykarlanıp dúziledi.

Bul bólim Ózbekstan Kompartiyası Qaraqalpaqstan Obkom Byurosı hám Qaraqalpaqstan ASSRı Ministrler Keńesiniń 1968-jıl 29-noyabr 335-sanlı qararı menen Shımbay rayonı «Oktyabr» sovxozınan Leninabad (Qanlıkól) rayonı «XXII partsezd» atındaǵı sovxozǵa, soń Ózbekstan SSRı Ministrler Keńesiniń 1971-jıl 19-noyabrdegi 1831-sanlı qararı, Ózbekstan Kompartiyası Obkomı hám Qaraqalpaqstan ASSRı Ministrler Keńesiniń 1976-jıl 23-yanvardaǵı 11-sanlı qararı menen «VLKSMnıń 50-jıllıǵı» atındaǵı sovxozı, házirgi Nókis rayonı «Shortanbay» elatına kóshirildi. Ózbekstan Kompartiyası Oraylıq Komiteti hám Ózbekstan SSRı Ministrler Keńesiniń 1979-jıl 18-sentyabrdegi 670-sanlı «Qaraqalpaqstanda salı jetistiriw boyınsha ilimiy izertlewlerdi keńeytiriw hám ónimdarlıǵın asırıw shara-ilájları haqqında»ǵı qararına muwapıq, 1980-jıl 1-yanvardan baslap Qaraqalpaqstan bóliminiń shtatları sanı 44 ten 115 birlikke kóbeytirilip, erkin bólim sıpatında shólkemlestirildi. Tuqımshılıq sistemasın jetilistiriw hám salı jetistiriwshi xojalıqlardıń sapalı salı tuqımına bolǵan zárúrligin tolıq qanaatlandırıw maqsetinde VASXNIL SAOnıń 1988-jıl 10-maydaǵı 50-k-sanlı buyrıǵı menen Ózbekstan Salı ilim-izertlew institutı Qaraqalpaqstan basqarması negizinde Qaraqalpaqstan Salı islep-shıǵarıw birlespesi shólkemlestirildi [7:1].

Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 1997-jıl 25-avgustta 413-sanlı qararı menen «Suwǵarılatuǵın jerlerde ǵálle hám sobıqlı ósimlikler ilimiy-izertlew institutı» hámde 1998-jılı 7-avgusttaǵı 344-sanlı qararı menen instituttıń Ózbekstandaǵı barlıq wálayatlarda filialları shólkemlestirilgen. Dán hám sobıqlı eginler ilimiy-izertlew institutı Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2014-jıl 10-fevraldaǵı PQ-2125-sanlı «Ózbekstan awıl xojalıǵı ilimiy-islep shıǵarıw orayı iskerligin jetilistiriw haqqında»ǵı qararına, Ózbekstan Respublikası

Awıl hám suw xojalığı ministrliginiń 2014-jıl 13-fevraldağı 33-sanlı hám Ózbekstan awıl xojalığı ilimiy-islep shıǵarıw orayınıń 2014-jıl 14-fevraldaǵı 6-sanlı buyrıqları tiykarında qaytadan mámleketlik dizimnen ótkerildi [7:2 ].

Institut óz iskerliginde Ózbekstan Respublikası nızamlarına, Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń pármanları, qararları, Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi qararları hám basqa hújjetlerine, Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń qararları hám biyliklerine, Ózbekstan Respublikası Awıl hám suw xojalığı ministrliginiń buyrıqları hám qararlarına, Ózbekstan Awıl xojalığı ilimiy-islep shıǵarıw orayınıń buyrıqları hám usı Ustavqa hámde basqa da normativ hújjetlerge ámel etedi. Institut dán hám sobıqlı eginlerdiń jańa hám shaǵılısqan sortların jaratıw, olardıń birlemshi tuqımshılıǵın shólkemlestiriw, jetistiriw texnologiyasın islep shıǵıw jetilistiriw, ónim sapasın jaqsılaw, kesellik hám zıyankeslerge qarsı gúres boyınsha kóp qırlı ilimiy izleniwlerdi ámelge asırıwshı ilimiy shólkem bolıp esaplanadı.

Qaraqalpaqstan ilimiy-tájiriybe stanciyası Ózbekstan Respublikası Awıl hám suw xojalığı ministrliginiń 2014-jıl 23-iyun 160-sanlı buyrıǵı tiykarında shólkemlestirildi. Bul ilimiy-tájiriybe stanciyası Nókis rayonı Qırantaw APJ, Shortanbay elatında jaylasqan bolıp, ulıwma jer maydanı 438,4 gektardı quraydı, sonnan 233,2 gektarı shudigar jerler esaplanadı. Stanciyada Mámleketlik ilimiy-texnikalıq dástúrler sheńberinde joybarlarǵa ajıratılǵan qárejetler jeterli bolmaǵanlıǵı sebebinen joqarı maman kadrlardı saqlap qalıw imkaniyatı bolmay kadrlar turaqsızlıǵı gúzetildi. Nátiyjede házirgi kúnde institutta jámi 42 adamnan 12 si ilimiy xızmetker bolıp, ilimiy potencial 28,6 payızdı quraydı. Ilim doktorınıń jası 62 jastı, ilim kandidatlarınıń ortasha jası bolsa 53 jastı, 40 jasqa shekemgi bolǵan ilimiy xızmetkerlerdiń úlesi ulıwma xızmetkerler sanına qaraǵanda 30 payızdı quramaqta. Búgingi kúnde birlespede 7 ilimiy izertlewshi, solardan, 2 tayanısh doktorant hám 5 erkin izleniwshiler ilimiy izleniw alıp barmaqta. Joqarı maman kadrlardı tayarlaw maqsetinde 2020-jılda 2 filosofiya doktorı (PhD), 1 ilim doktorı (DSc) ilimiy dissertaciyasın qorǵadı [7:3].

Sırtqı ortalıq faktorlarına shıdamlı Kinoya hámde Amarant ósimlikleri birlemshi tuqımshılıǵın shólkemlestiriw boyınsha ICBA hámde ICARDA (Qurǵaqshılıq regionlarında awıl xojalıq izertlewleri xalıqaralıq Orayı) menen birge islesiw jumısları alıp barılmaqta.

Keyingi jıllarda mámleketimiz awıl xojalıǵın reformalaw, ásirese tarawda mámleket basqarıwı dúzimin jetilistiriw, bazar qatnasıqların keńnen en jaydırıw, awıl xojalığı ónimlerin jetistiriwshi, qayta islewshi hám satıwshı subiektler ortasındaǵı qatnasıqlardıń huqıqıy tiykarın bekkemlew, tarawǵa investiciyalardı tartıw, resurs tejemli texnologiyalardı en jaydırıw hámde awıl xojalığı ónimlerin islep shıǵarıwshılardı zamanagóy texnikalar menen támiyinlew boyınsha tıyanaqlı jumıslar ámelge asırılıp atır. Sonıń menen birge, awıl xojalıǵın rawajlandırıw boyınsha uzaq múddetke mólsherlengen strategiyanıń bolmawı jer hám suw resurslarınan únemli paydalanıwǵa, tarawǵa investiciyalardı keń túrde tartıwǵa, islep shıǵarıwshılardıń joqarı dáramat alıwına hám ónimler básekiligin asırıwǵa tosqınlıq etilgen.

Islep shıǵarıwdı diversifikaciya etiw, jer hám suw qatnasıqların jetilistiriw, qolaylı agrobiznes ortalıǵın hám joqarı qoyılǵan bahalıq shınjırın jaratıw, kooperaciya qatnasıqların rawajlandırıwdı qollap-quwatlaw, tarawǵa bazar mexanizmlerin, xabar-kommunikaciya texnologiyaların keńnen en jaydırıw, sonday-aq ilim-pán jetiskenliklerinenúnemli paydalanıw hámde kadrlar potencialın asırıw maqsetinde Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2019-jılı

23-oktyabrdegi «Ózbekstan Respublikası awıl xojalıǵın rawajlandırıwdıń 2020 – 2030-jıllarǵa mólsherlengen strategiyasın tastıyıqlaw haqqında»ǵı PP-5853-sanlı Pármanı shıqtı [8:1].

Jerimizdiń qıyın ekologiyalıq sharayatına qaramastan alımlarımız kóplegen egin túrleriniń jańa sortların jaratıp kelmekte. Al, miynetkesh diyqanlarımız jer menen tillesip xalqımızǵa mol ónimlerdi jetistirip bermekte.

## References:

1. Pasha Muratova «Qaraqalpaqstanda intelligenciya kadrların tayarlaw», Nókis-1992.
2. Qaraqalpaqstan diyqanshılıq ilimiy-izertlew institutı «Aǵımdaǵı arxiv» hújjetleri, Shımbay-2022.
3. «Ózbekistonning yangi tarixi», uchinchi kitob, Toshkent-2000.
4. «Qaraqalpaqstan jańa tariyxı», Nókis-2003
5. «Qaraqalpaqstan Respublikasında diyqanshılıqtı rawajlandırıwdıń ilimiy tiykarlanǵan sisteması», Nókis-2003
6. «Aral boyı aymaǵında awıl xojalıǵı eginleriniń jańa sortların shıǵarıw maseleleri» atamasındaǵı Qaraqalpaqstan diyqanshılıq ilimiy-izertlew institutı Xalıq aralıq ilimiy-ámeliy konferenciya materialları, Shımbay-2014.
7. Ózbekstan dán hám sobıqlı eginler ilimiy-izertlew institutı Qaraqalpaqstan ilimiy-tájiriybe stanciyası «Aǵımdaǵı arxiv» hújjetleri, Nókis-2022
8. (https://lex.uz/docs/-4567334)